



Pou Piblikasyon Imedya: 20/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU ADOPSYON LWA SOU LIDÈCHIP NAN KLIMA A AK SOU PWOTEKSYON KOMINOTÈ A

"Avèk adopsyon Lwa sou Lidèchip nan Klima a ak sou Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act), New York adopte lejislasyon ki pi agresif sou chanjman klimatik nan nasyon an. Inyore chanjman klimatik la ap kite timoun nou yo pou fè fas ak konsekans katastwofik li yo. Kòm Washington fèmen je li epi fè bak sou plizyè deseni nan pwoteksyon anviwònman an, New York ap gade nan direksyon pou zewo emisyon alavni.

An Desanm, mwen te egzije kèk sib pou enèji pwòp ak rediksyon polisyon ki pi anbisye nan nasyon an anba Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) pou New York lan. Kounye a nou ap fè yon lòt pa istorik pou mete fren nan menas iminan chanjman klimatik la nan etabli manda pou rediskyon gaz ki gen efè sè ki pi agresif nan nasyon an epi, nou kwè, nan tout monn lan.

Epi nou pap kanpe la. Apre adopsyon pwojè lwa sa a, nou ap kontinye devlope epi aplike politik ak inisyativ yo pou ankouraje inovasyon ak investisman san parèy. Kòm nou ap asire tranzisyon pou emisyon zewo alavni, nou pral kontinye ranfòse inisyativ djòb ekolojik yo pou asire ke tout Nouyòkè yo pataje avantaj ekonomi enèji pwòp la. Dosye konpreyansif sa a pral fè wout pou yon avni ki pi pwòp ak pi ekolojik pou jenerasyon ki ap vini yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)